**दिन–मंगलवार** **दिनांक–02.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ शेखपुरा आ मुजफ्फरपुर जिलाक फराक–फराक पंचायत सभ मे आयोजित सहयोग शिविर मे सम्मिलित भेलाह। एहि दरमियान ओ लोक सभक समस्या कैं सुनलनि आ एकर समाधान लेल अधिकारी लोकनि कैं निर्देश देलनि। हमर शेखपुरा संवाददाता जनौलनि जे जिलाक सामस पंचायत मे आयोजित सहयोग शिविर मे मुख्यमंत्री स्वंय लोक सभक फरियाद सुनलनि। ओ कहलनि जे जनताक समस्या सभ कैं लटका कऽ राखब बर्दाश्त नहि कयल जायत। श्री चौधरी कहलनि जे सरकार अपराध आ भ्रष्टाचार कैं लऽकऽ जीरो टॉलरेंस नीति पर काज कऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री एहि अवसर पर तिरपन करोड़ टाकाक लागतिवला कतेको विकास योजना सभक शिलान्यास आ उद्‌घाटन कयलनि।

---

शेखपुराक पछाति मुख्यमंत्री मुजफ्फपुर केर मोतीपुर प्रखंडक परसौनीनाथ पंचायत मे आयोजित सहयोग शिविर मे सेहो शामिल भेला। मुख्यमंत्री एहि दरमियान दू सय अट्‌ठासी करोड़ टाकाक लागतिवला विभिन्न योजना सभक उद्‌घाटन आ शिलान्यास सेहो कयलनि।

---

एम्हर, हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे आम लोकक समस्या सभक निपटाराक लेल पंचायतक संग–संग पहिल बेर नगर–निकाय सभ मे सेहो सहयोग शिविर आयोजित कयल गेल। शिविर सभ मे पैघ संख्या मे लोक अपन समस्या सँ संबंधित आवेदन जमा कयलनि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी नौबतपुर प्रखंडक खजुरी पंचायत मे जखनकि, उपमुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव सारण जिलाक नयागांव, आमी आ फेरूसा पंचायत मे आयोजित सहयोग शिविर मे शामिल भेलाह।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि अछि जे शिक्षा लोक कैँ आत्मनिर्भर, जागरूक आ सक्षम बनबैत अछि। श्रीमती मुर्मू आइ नव दिल्ली मे जनजातीय छात्रवृति योजनाक लाभार्थी लोकनि कैँ संबोधित कऽ रहल छलीह। राष्ट्रपति कहलनि जे सही विकास तखनहि संभव अछि जखन समाजक सभ वर्ग सामाजिक, आर्थिक आ शैक्षिक रूप सँ प्रगति करय। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकार विभिन्न योजना सभक माध्यम सँ जनजातीय समुदाय सभक युवा लोकनि कैँ सशक्त बनयबा आ हुनक उत्थान करबाक लेल निरंतर प्रयास कऽ रहल अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार अनुदान प्राप्त मदरसा आ संस्कृत विद्यालय सभक स्थलीय जांच करयबाक लेल प्रखंड स्तर पर तीन सदस्यीय समिति गठित करबाक निर्णय कयलक अछि। शिक्षा विभागक सचिव विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे संबंधित प्रखंड विकास पदाधिकारी वा अंचलाधिकारी समितिक अध्यक्ष होयताह। ओतहि, प्रखंड़ शिक्षा पदाधिकारी समितिक सदस्य सचिव होयताह। एकरा अलावा प्रखंड मुख्यालय स्थित माध्यमिक वा उच्च माध्यमिक विद्यालयक वरीयतम प्रधानाध्यापक कैँ सदस्य बनाओल जायत। समिति कैँ दस दिनक भीतर अपन जांच रिपोर्ट फोटो आ आन साक्ष्य सभक संग जमा करबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड– सीबीएसई जनौलक अछि जे उत्तर–पुस्तिका मे पाओल गेल त्रुटि सभक सत्यापन आ ओकर पुनर्मूल्यांकन लेल पोर्टल आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। पोर्टल छओ जून धरि खुजल रहत। सीबीएसई कहलक अछि जे ई सुविधा मात्र ओहि विद्यार्थी सभक लेल उपलब्ध अछि, जे अपन मुल्यांकित उत्तर–पुस्तिकाक प्रति प्राप्त कऽ लेने अछि।

———————————————————————

स्वास्थ्य मंत्रालय कहलक अछि जे देश मे एखन धरि इबोला वायरस केर कोनहुं मामिला सोझाँ नहि आयल अछि। मंत्रालय सलाह देलक अछि जे एहन व्यक्ति जे पछिला एक्कैस दिन मे इबोला प्रभावित देश सँ यात्रा कऽकऽ आयल छथि आ हुनका बोखार, माथदर्द आ देहदर्द, दस्त वा बिना कोनहुं स्पष्ट कारणक रक्तस्राव सन लक्षण देखार भऽ रहल अछि, तँ ओ स्वयं कैँ लोक सभ सँ फराक कऽ लैथि। मंत्रालय कहलक अछि जे एहन व्यक्ति स्थानीय स्वास्थ्य अधिकारी लोकनि कैँ तत्काल सूचित करथि। नागरिक, हेल्पलाईन नंबर– एक शून्य सात पांच पर कॉल कय जानकारी लऽ सकैत छथि।

———————————————————————

बिहार संग्रहालय पटना मे आइ सँ समर कैंप केर आयोजन कयल जा रहल अछि। ई कैंप सात जून धरि चलत। कैंप केर उद्घाटन महानिदेशक अंजनी कुमार सिंह कयलनि। श्री सिंह आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे जनौलनि जे कैंप मे अनुभवी प्रशिक्षक लोकनि द्वारा बच्चा सभ कैँ टेराकोटा कला, मुखौटा निर्माण कला आ कहानी लेखन कलाक प्रशिक्षण देल जायत।

————————————————————————

प्रदेश मे बरखाक गतिविधि मे कमी अयलाक बाद एक बेर फेर उमस भरल गर्मीक सिलसिला शुरू भऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान उनचालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग भभूआ राज्यक सभक सँ गर्म स्थान रहल। मौसम विभागक अनुसार, अगिला दू सँ तीन दिन मे राज्यक अधिकांश भागक अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ोतरीक संभावना अछि।

————————————————————————

दरभंगाक जिलाधिकारी कौशल कुमार बहेरी अंचलक राजस्व कर्मचारी वीरेन्द्र यादव कैँ कर्तव्य मे लापरवाही बरतबाक आरोप मे तत्तकाल प्रभाव सँ निलंबित कऽ देलनि अछि।

समस्तीपुर जिलाक रोसड़ा थाना क्षेत्र मे तेज रफ्तार ट्रकक चपेट मे अयला सँ एकटा गोट छात्राक मृत्यु भऽ गेलनि। एहि हादसा मे दू आन छात्रा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलीह।

————————————————————————

.समाप्त